



**NYC Reads: Asire chak elèv vini yon bon lektè ki kwè nan tèt li**

Chè Nouyòkè,

Avni briyan timoun nou yo gen devan yo, epi bezwen pou nou fè plis pou yo... ak pou edikatè nou yo frape m chak jou. Li klè pou mwen kou dlo kòk sou ki kote nou dwe konsantre efò nou. Nou bezwen amelyore fason nou anseye timoun nou yo li.

Kantite a deja di tout bagay. Kounye a, 51 pousan elèv primè Vil Nouyòk—ak de tyè elèv nan nivo nasyonal—pa li nan nivo klas yo. Sa a se kriz edikasyon lavi nou, epi nou pral fè yon bagay pou nou jwenn solisyon pou pwoblèm sa a.

Semèn sa a, [Majistra Eric Adams avèk mwenmenm anonse lansman “NYC Reads,”](#) yon kanpay istorik nan tout vil la pou deklare alfabetizasyon (literacy) ak ansèyman lekti kòm objektif prensipal ak priyorite ki pi enpòtan Lekòl Leta Vil Nouyòk. Nan mitan kanpay sa a nou gen yon nouvo plan pou ranfòse ansèyman literacy nou bay pitit ou yon fason dramatik—kòmanse nan pwogram Edikasyon pou debitan—ak fòmasyon nou bay pwofesè yo.

Syans Lekti a fè nou konnen kisa ki mache, epi sa se yon konsantrasyon sou fonik ak ladrès fondamantal ki nesèsè yo (tankou pwononsyasyon ak dekòde mo) pou bati vokabilè, fasilite, ak

konpreyansyon. Pwofesè fè nou konnen yo vle gid klè sou sa ki mache, avèk sipò fòmasyon ak aprantisaj pwofesyonèl ki lye ak sa yo ap fè nan salklas yo. Epi, nou pral ba yo sa yo mande a.

[NYC Reads ap kouvri tout pwogram Edikasyon pou debitan ak lekòl primè pou de ane k ap vini yo](#), ak yon konsantrasyon sou yon seri materyèl pedagogik ki anrasinen nan Syans Lektè. Apeprè mwatye nan distri nou yo pral kòmanse nan mwa septanm lan avèk yon kourikoulòm yo chwazi pou itilize nan tout lekòl primè pa yo. Rès distri nou yo pral rantre nan pwogram lan nan sezon otòn 2024. Pifò nan pwogram Edikasyon pou debitan nou yo pral kòmanse nan otòn sa a, epi rès yo ap antre nan pwogram lan ane k ap vini apre a.

Sa vle di nan dezan, chak pwogram Edikasyon pou debitan ak lekòl primè nan Vil Nouyòk pral sèvi avèk yon kourikoulòm bon kalite ki apiye sou rechèch ki konsantre sou ansèyman ladrès fondamantal ki nesèsè pou vin yon bon lektè ki kwè nan tèt ou.

Majistra Adams ak mwenmenm wè sa kòm yon chanjman jwèt nan salklas yo, patikilyèman nan anseye tout timoun pou vin bon lektè ki kwè nan tèt li—yon etap toutafè esansyèl sou wout pou reyalize misyon nou kote chak elèv ap gradye sou wout yon karyè ki bay bon rekonsan ak sekirite ekonomik alontèm, kote y ap gen fòmasyon pou yo yon fòs pozitif pou chanjman.

Mèsi paske w fè pati Lekòl Leta Vil Nouyòk ak pou angajman w anvè edikasyon pitit ou a. Lè nou travay ansanm, nou pral mete konsantrasyon ak sipò anplas pou bay chak timoun nan chak salklas yon fondasyon edikasyon solid—yon kòmansman briyan ak yon chemen klè nan yon avni ki pwomèt, san limit.

Plane wo,

David C. Banks  
Chanselye

Tande Chanselye Banks k ap pale sou vizyon li pou refòm edikasyon leta [nan podcast sa a](#) avèk prezantatè Kevin Chavous, yon lidè nan edikasyon nasyonal.

## Videyo semèn lan

Tanpri pwofite pwen sa yo nan anons Chanselye a osijè NYC Reads:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube nou an](#).

Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).